

## Kèk bagay yon tibebe ki fè tès nòmal ta dwe anmezi pou fè:

### Nesans jiska 3 Mwa Laj

- Bat je oswa sote lè genyen yon son toudenkou, yon son ki fò
- Li trankil oswa li souri lè ou pale avèk li
- Li fè son tankou "ohh," "ahh"

### 3 jiska 6 Mwa Laj

- Li chèche son avèk zye
- Li kòmanse babiye ("baba," "mama," "gaga")
- Li itilize anpi;l son, kri, ak ri

### 6 jiska 9 Mwa Laj

- Vire tèt li pou nan direksyon son ki fò
- Li konprann "no-no" oswa "bye-bye"
- Babyaj, pa egzanp "baba," "mama," "gaga"

### 9 jiska 12 Mwa Laj

- Li repete senp mo ak so ou fè
- Li byen itilize "mama" oswa "dada"
- Li reponn ak chan oswa mizik
- Li lonje dwèt sou jwèt favori yo ak objè lè yo mande l sa

Si ou genyen kesyon sou odisyon tibebe ou an oswa lis sa a, pale avèk pwofesyonèl sante tibebe ou an.

## Ki lòt kote mwen ka jwenn enfòmasyon?

Depatman Sante New Jersey

Pwogram Deteksyon Odisyon Prekòs ak Entèvansyon PO Box 364 • Trenton, NJ 08625-0364

(609) 292-5676 (Vwa sèlman)


ehdi@doh.nj.gov

[www.nj.gov/health/fhs/ehdi/](http://www.nj.gov/health/fhs/ehdi/)



C2849

## Tibebe Ou an Bezwen Yon Lòt Tès Odisyon



Philip D. Murphy, Gouvènè  
Sheila Y. Oliver, Lt.  
Gouvènè



Judith M. Persichilli, RN, BSN, Komise MA

## Pou tibebe m nan dwe fè yon lòt tès odisyon?

- Kèk tibebe kapab bezwen fè yon lòt tès paske:
  - *genyen likid nan zòrèy la*
  - *tibebe a t ap bouje anpil*
  - *bwi nan sal tès la*
  - *tibebe a genyen pèt odisyon*
- Pifò tibebe ki bezwen yon lòt tès odisyon yo genyen odisyon nòmal. Kèk nan yo pral genyen pèt nan odisyon.

## Poukisa li tèlman enpòtan pou fè yon lòt tès odisyon osito sa posib?

- Fè tès se sèl fason pou konnen si yon tibebe genyen yon pèt odisyon.
- Pi bonè yo dekouvri pèt odisyon an, se plis l ap vin pi bon pou tibebe a.
- Si tibebe ou an genyen yon pèt odisyon, genyen anpil fason nou ka ede tibebe ou an.

**Lè yo dekouvri pèt odisyon an bonè, sa ka fè yon gran diferans nan lavi tibebe ou an.**



## Kisa ki pral fèt pandan vizit mwen an?

- Yon espesyalis nan odisyon (yon odyolojis) pral teste tibebe ou an epi di w rezulta yo oswa di si plis tès nesesè.
- Tès la san danje epi san doulè.
- Kèk tibebe pral bezwen yon ansanm tès odisyon ki plis konplè, kidonk yo kapab mande pou tounen avèk tibebe ou an.
- Si tibebe ou an bezwen plis tès, reyalize l osito sa posib.

## Èske yon tibebe nouveau ka pase tès odisyon an epi toujou genyen pwoblèm pou tandem?

- Wi, kèk tibebe tandem ase byen pou pase premye tès la, men li pèdi odisyon li apresa akoz:
  - *kèk maladi*
  - *kèk medikaman*
  - *kèk domaj*
  - *yon antesedan familyal pou pèt odisyon*
- Chèche siy pèt odisyon ofiramezi tibebe ou an ap grandi.
- Itilize lis ki nan do kouvèti a kòm yon gid.
- Si ou genyen kesyon sou odisyon tibebe ou an, pale avèk pwofesyonèl sante tibebe ou an.

Ou te pran yon randevou pou pwochen tès odisyon pou tibebe ou an:

Non Tibebe Ou An \_\_\_\_\_

Non Odyotojis la Lè \_\_\_\_\_

Ak Dat Lye \_\_\_\_\_

Nimewo tetefòn \_\_\_\_\_

Tanpri rele si ou bezwen repwograme l.